

**KONSANTMAN POU SISPANN VOLONTÈMAN SÈVIS OTORIZE  
NAN PWOGRAM SWEN KONTWOLE MEDICAID NAN TOUT ETA FLORID LA**

\_\_\_\_\_  
Non moun ki enskri a

\_\_\_\_\_  
Nivewo Idantifikasyon Medicaid Moun ki enskri a

\_\_\_\_\_  
Dat Nesans Moun ki enskri a

\_\_\_\_\_  
Paran/Gadyen Legal

\_\_\_\_\_  
Adrès Moun ki enskri a

Mwen konprann ke sèvis sila yo se doktè mwen / timoun mwen an (**ansèkle youn**) ki preskri yo, epi yo otorize pa  
\_\_\_\_\_  
(Plan Sante Medicaid Florid) soti \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_ pou rive \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_.  
(Dat) (Dat)

**Sèvis Otorize:**

Mwen konprann ke mwen pa oblije asepte tout sèvis yo ke mwen / timoun mwen an (**ansèkle youn**) otorize resevwa, e se chwa mwen pou refize enpe / tout (**ansèkle youn**) sèvis yo pou dat yo ak lè yo ki otorize nan moman kounye a.

Mwen chwazi pou pa resevwa sèvis annapre la yo pou mwenmenm / timoun mwen an (**ansèkle youn**) pou dat yo ak lè yo ki otorize nan moman kounye a.

**Sèvis Refize:**

Mwen konprann ke mwen / timoun mwen an (**ansèkle youn**) kontinye gen otorizasyon pou resevwa tout sèvis yo ki mansyone anwo a pou dat yo ak lè yo ki otorize nan moman kounye a. Se chwa pa m pou m refize sèvis sa yo sèlman pou dat ak lè sa yo ki mansyone anwo a. Mwen konprann yo pa pral konsidere chwa sa a tankou yon chanjam nan nesosite pou sèvis sa yo lè moman rive pou renouvle sèvis yo pou dat pi devan yo. Mwen konprann tou ke mwen ka chanje lide nenpòt moman epi mwen / timoun mwen an (**ansèkle youn**) ka resevwa tout sèvis otorize yo pandan rès dat yo ki otorize nan moman kounye a.

\_\_\_\_\_  
Siyati Moun ki enskri a\* oswa Siyati Paran / Gadyen Legal li

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Non Moun ki enskri a oswa Non Paran / Gadyen Legal li an lèt detache

\_\_\_\_\_  
Siyati Repezantan Plan Sante Medicaid Florid la

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Non Repezantan Plan Sante Medicaid Florid la an lèt detache

\*Yon moun ki enskri ki gen 18 lane oswa ki pi gran, ki aji kòm pwòp gadyen legal li.  
18 Jiyè 2017

# KONSANTMAN POU SISPANN VOLONTÈMAN SÈVIS OTORIZE NAN PWOGRAM SWEN KONTWOLE MEDICAID NAN TOUT ETA FLORID LA

## Machaswiv

### 1. Enfòmasyon Moun ki enskri a

Fòm sa a se pou itilize sèlman lè yon moun ki enskri ap resevwa sèvis epi moun ki enskri a (oswa paran oubyen gadyen legal li) chwazi resevwa mwens sèvis pase sa plan sante Medicaid la otorize pou moun ki enskri a. Konsantman sa a asire ke yo pa pral konsidere sispansyon volontè a lè y ap apwouve nenpòt lòt nesosite pou sèvis pi devan.

Ranpli espans vid yo ak non moun ki enskri a, adrès, dat nesans, nimewo idantifikasyon Medicaid li, ak paran oswa gadyen legal li si sa valab. Sof pou siyati yo, ekri an lèt detache tout lòt enfòmasyon ki ajoute nan fòm lan. Kowòdonatè plan sante yo ka ranpli fòm lan pou moun ki enskri a, aleksepsyon siyati moun ki enskri a/paran/gadyen legal li.

### 2. Sèvis Otorize

Mete dat, ak lè yo si sa aplikab, pou sèvis yo ki otorize nan moman kounye a. Pa egzanp:

- Mwen konprann ke sèvis annapre la yo se dokte mwen / timoun mwen an (**ansèkle youn**) ki preskri yo, epi yo otorize pa (Non Plan Sante a) soti 02/05/2017 pou rive 01/06/2017.

Nan bwat ki make “Sèvis Otorize” yo, fè yon lis sèvis ke plan sante moun ki enskri a otorize. Pa egzanp:

- Sèvis swen enfimye prive, uit è pa jou, sèt jou pa semèn.

### 3. Sèvis Refize

Nan bwat ki make “Sèvis Refize” yo, fè yon list sèvis otorize ke li refize yo. Li gendwa refize tout sèvis yo oswa enpe nan yo. Bay nenpòt enfòmasyon ki nesese pou asire yo respekte volonte moun ki enskri a/paran/gadyen legal li. Pa egzanp:

- Sèvis swen enfimye prive chak jou nan samdi ak dimanch pandan kat èdtan soti 8:00 a.m. pou rive 12:00 pm.
- Sèvis swen enfimye prive soti 17/05/2017 pou rive 25/05/2017.

Yo dwe bay moun ki enskri a/paran/gadyen legal li chans pou egzaminen si fòm lan kòrèk epi pèmèt li korije fòm lan kòm sadwa.

### 4. Siyati yo ak Dat yo

Kowòdonatè plan sante a ansanm ak moun ki enskri a/paran/gadyen legal li, yo toude dwe siyen epi mete dat sou fòm konsantman an. Si konsantman an bay pandan yon reyinyon fas-a-fas, tout siyati yo ak dat yo dwe mete pandan reyinyon an. Si konsantman an pa bay fas-a-fas, kowòdonatè plan sante a ka siyen ak mete dat sou konsantman an nan jou konsantman an, epi moun ki enskri a/paran/gadyen legal li dwe siyen epi mete dat sou fòm konsantman an nan pwochen vizit nan kay la.

### 5. Konsèvasyon Dosye

Voye yon kopi fòm ki siyen e ki gen dat sou li a bay moun ki enskri a/paran/gadyen legal li nan adrès yo bay nan fòm nan.

Plan sante a dwe konsève fòm ki ranpli ak siyen an nan dosye moun ki enskri a.